# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि उत्तर प्रदेस अबादी के दृस्टि से देस क सबसे बड़हन राज्य त बटले बा, भारत के आस्था क केन्द्रबिन्दुओ हौ। आजु येह राज्य में आवे बदे पूरा देस क लोगि उत्सुक हवें। एकर प्रमाण बीतल दिनन प्रयागराज महाकुंभ में देखे के मिलल हौ, जेहमें छाछठ करोड़ लोगि आपन उपस्थिति दरज करवले रहलें। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आयोजित एगो कार्यक्रम के सम्बोधित करत रहलें। उहां के प्रदेस के विकास में संवाद पर जोर देत कहलीं कि संवाद से कठिन से कठिन समेस्या क समाधान कइल जा सके ला। जहवां संवाद बाधित होला, ओहीं से संघर्स देखाई देवे लागे ला।

**लोकतंत्र के सशक्त आवाज है संवाद, लोकतंत्र के सबसे बड़ी ताकत है संवाद, कठिन से कठिन समस्या का समाधान का सशक्त माध्यम है संवाद जहां संवाद बाधित होता है वहीं से संघर्ष के रास्ते प्रारम्भ होते हैं। भारत का लोकतंत्र इतना सशक्त है कि उसने अपने सभी स्तम्भों के लिये उसकी लक्ष्मण रेखायें भी तय की है।**

कार्यक्रम में मुख्यमंत्री बीतल आठ बरिस में प्रदेस में हर क्षेत्र में भइल विकासात्मक अउर रचनात्मक कार क रूपरेखा रखलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने गोरखपुर के दौरा पर अइहें। उहां के अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान एम्स गोरखपुर में प्रस्तावित रैन बसेरा के भूमि पूजन अउर सिलान्यास कार्यक्रम में सामिल होइबि। पावरग्रिड कॉर्पोरेशन ऑफ इंडिया के सहजोग से पांच सौ लोगिन के क्षमता क ई रैन बसेरा चउवालीस करोड़ रूपिया के लागति से तइयार कइल जाई। ई न त खाली गोरखपुर बलुक पूरबी उत्तर प्रदेस क सबसे बड़हन रैन बसेरा होई। एम्स गोरखपुर क गवर्निंग काउंसिल क चेयरमैन देश दीपक वर्मा बतवलें कि येह पहल से एम्स में आवे वाले मरीजन अउर तिमारदारन के ढेरे सहूलियत होई।

मुख्यमंत्री ओन्नइस अपरैल के गोरखपुर के मानबेला में आयोजित एगो कार्यक्रम में हिस्सा लीहें। येह दौरान उहां के जिला के एक हजार पांच सौ करोड़ रूपिया के कई गो विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यासो करबि।

**********

वक्फ संशोधन अधिनियम के संवैधानिक वैधता के चुनौती देवे वाले याचिकन पर आजु सुनवाई के दुसरका दिन्ने सुप्रीम कोर्ट अपने अंतरिम आदेस में केन्द्र सरकार के उततर देवे बदे सात दिन क समय दिहलस। केन्द्र सरकार येह मामिला में कोर्ट के भरोसा दियवलस कि येह अवधि में डिनोटिफिकेसन चाहे नया नियुक्ति नाहीं कइल जाई। येह मामिला में अगिला सुनवाई पांच मई के होई। भारत क मुख्य न्यायाधीस सीजेआई न्यायमूर्ति संजीव खन्ना, जस्टिस संजय कुमार अउर जस्टिस केवी विश्वनाथन क पीठि मामलि क सुनवाई करत येह मामलि से जुड़ल दलीलन अउर लिखित प्रस्तुतियन के सुव्यवस्थित करे बदे एगो नोडल ओकील के नियुक्ति क आदेसो दिहलसि।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री अउर स्वास्थ्य मंत्री बृजेश पाठक आजु गोरखपुर क दौरा कइ के स्वास्थ्य विभाग क समीक्षा कइलें। सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र हरनहीं में भइल समीक्षा बइठकी में श्री पाठक अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि अस्पतालन में मरीजन के उच्चकोटि क चिकित्सा सुविधा दीहल जाए। सबके दवाई मिले अउर साफ–सफाई क खास धियान रक्खल जाए।

***गोरखपुर जनपद के पूरे विभाग की स्वास्थ्य विभाग की समीक्षा की है और सभी अस्पतालों में साफ सफाई का विशेष ध्यान रखा जाए। चिकित्सक समय से उपस्थित रहें, दवाइयां सभी उपलब्ध हैं। हर स्थिति में मरीजों को उच्च कोटि की चिकित्सा सुविधाएं मिलें। और जो चिकित्सकों की कमी है तत्काल भर्ती करें।***

**********

केंद्रीय उपभोक्ता संरक्षण प्राधिकरण– सीसीपीए पछिला तीनि बरिस में आईआईटी–जेईई अउर नीट से जुड़ल कोचिंग सेंटरन के भ्रामक दावा बदे नोटिस जारी कइले हौ। प्राधिकरण येह अवधि के दौरान चउबीस कोचिंग सेंटर पर पचहत्तर लाख रूपिया से बेसी क जुर्माना लगवले हौ। सीसीपीए कोचिंग सेंटरन के उपभोक्ता संरक्षण अधिनियम के दिसा–निरदेस क कड़ाई से पालन करे क सलाहि दिहले हौ।

**********

प्रदेस में सीएनजी के दाम में एक रूपिया प्रति किलो क बढ़ोत्तरी हो गइल हौ। बढ़ोत्तरी के बाद लखनऊ अउर आगरा में सीएनजी क दाम सत्तानबे रूपिया पचहत्तर पइसा प्रति किलो हो गइल हौ जबकि सुल्तानपुर, उन्नाव अउर अजोध्या में सीएनजी क दाम बढ़ोत्तरी के बाद पंचानबे रूपिया प्रति किलो हो गइल बा। नया रेट काल्हि से लागू हो गइल।

**********

आजु देस के पूर्व प्रधानमंत्री स्वर्गीय चन्द्रशेखर क जयंती हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनके जयंती के मौका पर उन्हें सरधांजलि दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि स्वर्गीय चन्द्रशेखर अपने राजनीति में राष्ट्रहित के हमेसा प्रमुखता दिहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया सनेसा में कहलें कि राष्ट्र निरमाण, सामाजिक न्याय अउर जन कल्याण के प्रति उनकर प्रतिबद्धता सबके खातिर राहि देखावे वाला हौ।

**********